

Uburyo amahera akoreshwa murugo

Uburyo bwo gukoresha amahera neza

Gutunganya ingene amahera akoreshwa bisigura iki?

Gutunganya ingene amahera akoreshwa ni ukugira urutonde rwanditse rwerekana amahera uronka, ivyo ukeneye ko ayo mahera akora. Bigufasha kumenya ingene uriko urakoresha amahera yawe.

Ni ibihe bintu woshira ku rutonde rwo gukoresha amahera?

- ▶ Amahera winjiza - amahera angahe yinjira n'aho ava (akarorero agahembo kavuye mu kazi, canke Centrelink)
- ▶ Ibigutwara amahera - ukoresha amahera angahe kandi kubiki (akarorero: amafagitire, imfungurwa, amahera y'ishure)

Gupangira amahera uronka bisigura ko ushobora:

- ▶ Kumenya ibintu bigutwara amahera yawe
- ▶ Kwishura ibintu ukeneye, nk'imfungurwa, n'amafagitire waronse
- ▶ Kwitegurira ingorane zoza gaturumbuka, canke ibindi bintu ukoresheko amahera utari witegurirye
- ▶ Kubika amahera kugira ngo uzogure ikintu nkenerwa mu muryango
- ▶ Gufata ingingo z'ingene mukoresha amahera yanyu nk'umuryango

Ibuka

- ▶ Gutunganya ingene amahera akoreshwa ni ukugira urutonde rwanditse rwerekana amahera uronka n'ivyo ukeneye ko ayo mahera akora.
- ▶ Kugira Urutonde rw'ikoreshwa ry'amahera bigufasha kumenya ingene uriko urakoresha amahera.
- ▶ Kugira uyo mugambi wo kwandika ingene amahera yawe ariko arakora ugende neza bisaba ko ukurikiza ivyo wiyemeje

Ni hehe wokura izindi nkuru n'imfashanyo

Ufise ikibazo c,amahera, vugana n'abahanuzi ku bijanye no gukoresha amahera neza, ku numero 1800 007 007.

Ku zindi nkuru zerekeye abahanuzi ku bijanye no gukoresha amahera canke kuzuza imbonerahamwe y'ugukoresha amahera neza, ja kuri interineti ya MoneySmart, kuri, www.moneysmart.gov.au, canke hamagara ku numero 13 23 00, abo muri Centrelink bagufashe gutunganya ingene wokoresha amahera yawe neza.



Kugira ngo gahunda y'ugukoresha amahera yawe igende neza

Umuntu yitwa Atem na Arop ntibagira gahunda yo gukoresha amahera igihe bagiye gusuma kw'isoko. Bandika ivyo bakeneye gusuma bamaze gushika ku kaguriro. Mu kanya gato gusa baca batangura guharira kuvyo bashaka kugura. Arop aba ashaka kugura ivyanditse gusa kuri rwa rutonde, ariko Atem agashaka igihe cose kugura ibifungurwa birenze, rimwe na rimwe ibintu batanakeneye, nk'ivyo kwigira neza.

Umunsi umwe bagiye gusuma. Atem ashira ibintu birenze mu gasaho ko gusumiramwo bitari biri kuri rwa rutonde, kubera gusa ko yasanze bigurika. Bageze aho kuriha, basanze basabwa amadorari 70 kandi Arop yari yazanye amadorari 30 gusa. Vyaramuteye isoni cane, bituma barinda gusiga bimwe mu vyo bari batoye, kuko ata mahera bari bafise yo kubirihira.

Bamaze guhanahana ivyiyumviro, Atem na Arop baciye bigira Inama yo gupanga gahunda y'ingene bakoresha amahera yabo kugira ngo bamenye amahera bashobora gukoresha mundwi kw'isoko. Bafashe ingingo yo kubahiriza uyo mupango wo gukoresha amahera, hanyuma ntibasubiye kwimaramaza na rimwe, ngo bagire ibintu vyinshi mw'isaho yo gusumiramwo kandi badafise amahera yavyo.

This page has been intentionally left blank.